



MEZI DE SEKIRITE POU FÈT FEN DANE 2012

Sheriff Ric Bradshaw ak biro sheriff Palm Beach County ta renmen swete-w ansanm ak fanmi-w ou sezon fèt ki bèl e ki gen sekirite. Pandan fèt yo, souvan nou okipe, nou eksite e nou distrè e tou sa fasilitè vòlè ak lòt kriminèl pran pye sou nou pou fèt la. Men kèk mezi ki va ede nou byen pase sezon fèt la san pwoblèm.

POU LA KAY NOU

- ❖ Take pòt ak fenèt.
- ❖ Limen limyè ak ou radio ou byen ou TV pou fè kwè ke gen moun andedan.
- ❖ Fè pran lèt ak jounal ou chak jou si ou pa kapab fè sa ou menm ou si ou deplase.

LÈ WAP ESTASYONE

- ❖ Estasyone machin yon kote ki byen klere.
- ❖ Take pòt machin ou.
- ❖ Sere bagay de valè nan kòf la ou byen ou kote yo pa wè.
- ❖ Chèche konn ki jan zòn lan ye e si gen moun ou sispèk rapòte sa bay sekirite ou polis.
- ❖ Si posib, mande èd nan sekirite pou mennen ou nan machin ou.

LÈ WAP FÈ ACHA

- ❖ Abiye senp e konfòtab.
- ❖ Evite pote bijou ki koute chè.
- ❖ Toujou mache ak lisans chofè-w ou byen kat idantifikasyon-w.
- ❖ Evite mache ak gwo lajan.
- ❖ Piga gen trop chay avèk ou.
- ❖ Fè acha-w ak group moun paske toujou gen plis sekirite lè gen anpil moun.



POU TI MOUN YO

- ❖ Kenbe ti moun yo bò kote-w.
- ❖ Aprann ti moun ou pou-l ale jwen ou gran moun ki gen konprann si li separe avè-w.
- ❖ Aprann ti moun yo non yo, adrès yo, ak nimero telefòn yo pou yo ka ede la polis si yo separe ak ou.
- ❖ Mennen pitit ou nan twalèt; pa kite yo ale pou kont yo.
- ❖ Antann ou avek timoun yo kibò pou yo rankontre-w si nou separe.

BÒN FÈT